# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–10 मई 2024** **भोजपुरी समाचार**

लोकसभा चुनाव के सतवां अउर आखिरी फेरा बदे प्रदेस के तेरह लोकसभा सीटिनि पर नामांकन प्रक्रिया चलि रहल हौ। नामांकन सुरू भइले के चउथा दिन्ने आजु गोरखपुर संसदीय सीटि से भाजपा ओम्मेदवार रवि किशन शुक्ल अउर सपा ओम्मेदवार काजल निषाद कलेक्ट्रेट पहुंचि के आपन परचा भरलिनि। गोरखेखुर सीटि बदे निरदल ओम्मेदवार नफीस अहमदो परचा भरलें। बांसगांव संसदीय सीटि खातिर भाजपा ओम्मेदवार कमलेश पासवान, ईंडी गठबंधन क ओम्मेदवार सदल प्रसाद अउर निरदल ओम्मेदवार रामा पासवान अउर हीरालाल आपन परचा भरलें। सीनियर भाजपा नेता अउर केन्द्रीय वित्त राज्य मंत्री पंकज चौधरी आजु महराजगंज लोकसभा सीटि से भाजपा ओम्मेदवार के रूप में परचा दाखिल कइलें। देउरिया में कांग्रेस ओम्मेदवार अखिलेश प्रताप सिंह नामांकन कइलें। वाराणसी संसदीय सीटि खातिर आजु ईंडी गठबंधन ओम्मेदवार अजय राय परचा भरलें। चन्दौली से केन्द्रीय मंत्री डॉक्टर महेन्द्रनाथ पाण्डेय भाजपा ओम्मेदवार के रूप में आपन परचा दाखिल कइलें। ओहर गाजीपुर लोकसभा सीटि से भाजपा ओम्मेदवार पारसनाथ राय अउर बलिया से भाजपा ओम्मेदवार नीरज शेखर आपन परचा भरलें।

येह फेरा बदे चउदह मई ले परचा दाखिल कइल जा सके ला। पनरह मई के परचन क जांचि होई। नांव वापसी क आखिरी तारीख सतरह मई हौ। येह फेरा में–महराजगंज, गोरखपुर, कुशीनगर, देवरिया, बांसगांव, घोसी, सलेमपुर, बलिया, गाजीपुर, चंदौली, वाराणसी, मिर्जापुर, अउर राबर्ट्सगंज लोकसभा क्षेत्रन बदे एक जून के ओट परी।

**********

लोकसभा चुनाव क तीनि फेरा में प्रदेस क छब्बीस गो संसदीय सीटिनि पर मतदान पूरा भइले के बादे चारि फेरा में बचल चउवन लोकसभा क्षेत्रन में राजनीतिक दलन क परचार अभियान जोरिया गइल बा। भाजपा क सीनियर नेता अउर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु गोरखपुर में पारटी ओम्मेदवार रवि किशन के नामांकन सभा के सम्बोधित कइलें। उहां के कहलीं कि तीनि फेरा के मतदान के बादे बिपक्षी दलन क नेता हतास–निरास हो चुकल हवें अउर आपन हार मानि चुकल हवें। श्री योगी कहलें कि देस के जनता के सज्जो समेस्या क समाधान राम राज्य में हवे। येही के स्थापित करे बदे जनता बेरि–बेरि मोदी सरकार के चुनि रहल हवे। समाजवादी पारटी क राष्ट्रीय अध्यक्ष अखिलेश यादव अउर कांग्रेस क सीनियर नेता राहुल गांधी आजु संयुक्त रूप से कन्नौज में चुनावी रैलियन के सम्बोधित कइलें। कन्नौज में आयोजित रैली के सम्बोधित करत अखिलेश यादव कहलें कि देस क नौजवान, किसान अउर मजदूर बदलाव चाहे ला, समाजवादी पारटी उनकर मंसा पूरा करे बदे प्रतिबद्ध हौ। राहुल गांधी कहलें कि कांग्रेस किसानन के तब तक ले आरथिक सहायता देई, जब तक ले ऊ गरीबी रेखा से उप्पर नाहीं आ जालें।

**********

उप राष्ट्रपति जगदीप धनखड़, पत्नी डॉक्टर सुदेश धनखड़ के साथे आजु अजोध्या पहुंचलें। राम जनमभूमि पर रामलला के प्राण प्रतिस्ठा के बादे उप राष्ट्रपति क ई पहिला अजोध्या जतरा हवे। श्री धनखड़ श्रीराम जनमभूमि पहुंचि के रामलला क दरसन–पूजन कइ रहल हवें। उहां के हनुमानगढ़ी मंदिर अउर कुबेर टीला जइहें अउर ओकरे बादे सरजू घाट पर होखे वाली आरतियो में सामिल होइहें।

**********

अक्षय तृतीया क तिउहार आजु प्रदेस भर में सरधा–भक्ति अउर हंसी–खुसी के माहौल में मनावल जा रहल हवे। प्रयागराज में येह मौका पर सरधालु गंगा घाट अउर संगम तट पर नहा के पूजा–अचर्ना के साथे दान–पुन्न कइलें। अक्षय तृतीया के मौका पर मथुरा के बांके बिहारी मंदिर में सरधलुअन क सैलाब उमड़ि परल। लोगि बांके बिहारी क दरसन अउर पूजा–अर्चना कइ के पुन्नि पवलें। हापुड़ के गढ़मुक्तेश्वर बृज घाट में सरधालु गंगा नदी में नहा के अक्षय तृतीया क तिउहार मनवलें। अक्षय तृतिये के भगवान परशुराम क जनमो भइल रहे, येही नाते येह मौका के लोगि परशुराम जयंतियो के रूप में मनावे लें। अमरोहा में येह मौका पर भगवान परशुराम के मंदिर में हवन अउर पूजा–अर्चना कइल गइल अउर हापुड़ में भव्य सोभायात्रा निकारल गइल आ कई जगहिनि पर भण्डारा क आयोजनों कइल गइल। अक्षय तृतीया के मौका पर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु गोरखनाथ मंदिर में रूद्राभिषेक कइ के प्रदेसवासियन के सुख–समृद्धि क मंगल कामना कइलें अउर परब क बधाई दिहलें।

**********

यूपी बोर्ड क हाईस्कूल अउर इण्टरमीडिएट के परीक्षा में एक चाहे दुइ बिसयन में फेल विद्यार्थियन बदे कम्पार्टमेंट अउर इम्प्रूवमेंट परीक्षा खातिर आवेदन प्रक्रिया सुरू हो गइल हवे। विद्यार्थी बोर्ड के आधिकारिक वेबसाइट पर एकतीस मई ले ऑनलाइल आवेदन कइ सके लें।

**********

पीलीभीत जिला में राष्ट्रीय राजमार्ग पर आजु तड़के भइल एगो दुरघटना में तीनि जने क मउति हो गइल अउर करीब चारि दरजन लोगि घाही हो गइलें। घाही लोगिन के इलाज बदे मेडिकल कॉलेज में भरती करावल गइल हवे। घटना क जनकारी देत जिलाधिकारी संजय कुमार सिंह बतवलें कि घटना गजरौला के नगिच्चे एगो मिनी ट्रक के पलटि गइले से भइल। ट्रक में सवार लोगि लखीमपुर खीरी क रहवइया रहलें अउर मेरठ से मजूरी कइ के लवटत रहलें।

**********